

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


Dina ieu bab dipedar ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku (1) desain panalungtikan, (2) data jeung sumber data panalungtikan, (3) instrumén panalungtikan, (4) téhnik ngumpulkeun data, jeung (5) téhnik ngolah data.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Métode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun meunangkeun data anu miboga udagan jeung mangpaat nu tangtu (Sugiyono, 2012, kc. 14). Dina ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar perkara dialék sosial nu aya dina akun intragram @kata\_sunda. Diitilik ngaliwatan ulikan sosiolinguistik sarta dibarengan ku analisis tata basa kayaning wangun kecap jeung prosés parobahan kecap.

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun métode déskriptif kualitatif. Panalungtikan déskriptif nyaéta panalungtikan anu dimaksudkeun pikeun maluruh kaayaan, hiji kondisi, atawa hal séjén (Arikunto, 2013, kc. 3). Ari anu didéskrripsikeunana nyaéta wanda dialék sosial katut analisis wangun kecap sarta parobahan kecap dialék sosial nu aya dina akun intragram @kata\_sunda.

Dumasar kana pamarekan jeung métode di luhur, sangkan desain panalungtikan dijieun léngkah-léngkah atawa prosedur panalungtikan. Léngkah-léngkah anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta: 1) Néangan sarta maluruh studi pustaka nu aya patalina jeung dialék sosial sarta panalungtikan; 2) Ngumpulkeun data nyaéta tina postingan akun *Instagram* @kata\_sunda; 3) Data anu geus dikumpulkeun ngaliwatan sababaraha prosés gumpulkeun data, saterusna dianalisis ngagunakeun tiori struktur jeung sosiolinguistik anu geus dipedar dina Bab II; 4) Nganatllisis data; 5) Déskripsi data; 6) Nyieun kacindekan. Sacara sistematis dibagankeun saperti ieu di handap.



*Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan*

### 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kecap-kecap dialék sosial nu aya dina akun *instagram* @kata\_sunda. Éta data téh sumberna tina sumber data utama. Nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék ti mana data bisa digarap. Saupama panalungtik ngagunakeun dokuméntasi, nya dokumén atawa catetan nu jadi sumber datana (Arikunto, 2013, kc. 172).

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta Akun *Instagram* @kata\_sunda. Dipilih akun *instagram* @kata\_sunda lantaran ieu akun mangrupa akun media sosial anu maké basa Sunda salaku basa panganteurna. Ieu akun sok midangkeun *status* dina basa Sunda. Salian ti kitu, akun @kata\_sunda ogé mangrupa akun sunda anu loba *followersna* jeung *postinganana*. Per tanggal 31 Désémber 2019 aya 156.000 *followersna* sarta 1023 *postingan*. Dina *postinganna* téh loba nu ngagunakeun dialék sosial. Data panalungtikan dikumpulkeun ku panalungtik ku cara *discreenshoot* postingan anu ngandung dialék sosial.

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta tina akun *instagram* @kata\_sunda. Digarap tur diidentifikasi dialék sosialna dina *postinganana* ti *postingan* mimiti nyaéta dina bulan Novémber 2016 - Désémber 2019.

### 3.3 Instrumen Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 192) instrumén nyaéta alat nu digunakeun dina waktu panalungtikan ku cara ngagunakeun métode. Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta hapé jeung kartu data digital. Hapé salaku alat nu dipaké pikeun ngadokuméntasikeun jeung nyokot data anu rék ditalungtik. Data nu ditalungtik dina ieu panalungtikan difokuskeun kana dialék sosial nu aya dina akun *instagram* @kata\_sunda. Panalungtik nangkap layar *postingan* anu aya dina akun *instagram* @kata\_sunda sarta saterusna disalin kana kartu data digital jeung format analisis. Éta kartu data téh dipaké pikeun ngagampangkeun panalungtik dina prosés analisis data. Di handap ieu mangrupa conto gambaran kartu data jeung format analisis anu digunakeun.

### 3.3.1 Hapé

Hapé salaku alat nu dipaké pikeun ngadokuméntasikeun sumber data panalungtikan ku cara nangkap layar postingan anu rék dianalisis.

### 3.3.2 Kartu data digital

Kartu data digital dipaké pikeun ngumpulkeun data anu kapanggih dina sumber data panalungtikan. Saterusna dianalisis ngagunakeun format analisis. Kartu data digital téh ébréh saperti ieu di handap.

Tabél 3. 1

*Conto Tabél Data Dialék Sosial*

No.	No. Data	f	Larapna dina Kalimah
			... (KS/01/02/2018/120)

Keterangan:

- f : frékuénsi data
- KS : @kata\_sunda
- 01 : tanggal posting (tanggal 01-31)
- 02 : bulan posting (bulan pébruari)
- 2018 : taun posting
- 120 : postingan ka-120

Sabada réngsé mindahkeun data kana kartu data digital, satuluyna dianalisis dumasar tabél ieu di handap.

Tabél 3. 2

*Conto Tabél Data Wanda Dialék Sosial*

No.	No. Data	Data DS	f	Larapna dina Kalimah
1.				
2.				
3.				

Keterangan:

- DS : Dialék Sosial
- f : Frékuénsi

Tabél 3. 3

*Conto Tabél Dialék Sosial Wangun Kecap Salancar*

No.	No. Data	Kecap	Prinsip Struktur Kecap Salancar				
			saengang	Dua engang	Tilu engang	Opat engang	Lima engang
1.							
2.							
3.							

Tabél 3. 4

*Conto Tabél Dialék Sosial Wangun Kecap Rundayan*

No.	No. Data	Kecap	Prinsip Struktur Kecap Rundayan				
			Hareup	Tengah	Tukang	Bareng	Barung
1.							
2.							
3.							

Tabél 3. 5

*Conto Tabél Dialék Sosial Wangun Kecap Rajékan*

No.	No. Data	Kecap	Struktur Kecap Rajékan
1.			
2.			
3.			

Tabél 3. 6

*Conto Tabél Dialék Sosial Wangun Kecap Wancahan*

No.	No. Data	Kecap	Prinsip Struktur Wancahan			Kecap Asal
			tingkesan	singgetan	wancahan	
1.						
2.						
3.						

Tabél 3. 7

*Conto Tabél Dialék Sosial Sirnaan*

No.	No. Data	Kecap	Prinsip Struktur Sirnaan			Kecap Asal
			Sirnapurwa	Sirnamadya	Sirnawekas	
1.						
2.						
3.						

Tabél 3. 8  
*Conto Tabél Dialék Sosial Swarabakti*

No.	No. Data	Kecap	Prinsip Struktur Swarabakti			Kecap Asal
			Swarabakti Awal	Swarabakti Tengah	Swarabakti Ahir	
1.						
2.						
3.						

Tabél 3. 9  
*Conto Tabél Dialék Sosial Bagentén*

No.	No. Data	Kecap	Prinsip Struktur Bagentén		Kecap Asal
			Vokal	Konsonan	
1.					
2.					
3.					

Tabél 3. 10  
*Conto Dialék Sosial Métatésis*

No.	No. Data	Kecap	Prosés Parobahan Métatésis
1.			
2.			
3.			

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina hiji panalungtikan, ngumpulkeun data mangrupa salah sahiji hal anu kudu dilakukeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Dina ieu panalungtikan ngagunakeun téknik dokuméntasi. Téhnik dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data tina sumber data panalungtikan.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 201) dina ngalaksanakeun métode dokuméntasi, panalungtik niténan wanda-wanda tinulis saperi buku, majalah, dokumén, aturan, notulén rapat, catetan, jeung sajabana. Téhnik dokuméntasi dianggap penting dina ngumpulkeun data. Dina ieu hal panalungtik nyimpen data postingan ku cara nangkap layar postingan akun *instagram* @kata\_sunda.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data nyaéta:

- 1) Nangtukeun sumber data panalungtikan.
- 2) Maca sakabéh postingan sumber data.
- 3) Nyirian data dialék sosial nu kapanggih dina sumber data.

- 4) Nyalin data dialék sosial kana tabél kartu data digital.
- 5) Nyieun runtuyan data dumasar dumasar abjad.
- 6) Nyieun klasifikasi data dumasar kana wanda, wangun kecap, sarta parobahan kecap tina dialék sosial;

### **3.5 Téhnik Ngolah Data**

Dina ieu panalungtikan objék anu ditalungtik téh nyaéta postingan dina akun *Instagram* @kata\_sunda. Sanggeus meunangkeun data, satuluyna diolah. Ari ngolahna maké téhnik analisis unsur langsung, anu léngkah-léngkahna kieu:

- 1) Mariksa data dialék sosial nu geus dikumpulkeun dina kartu data digital;
- 2) Data diklasifikasikeun dumasar wanda dialék sosial;
- 3) Nganalisis sumber data ngagunakeun analisis wanda, wangun kecap, sarta parobahan kecap tina dialék sosial;
- 4) Ngadéskripsikeun hasil data; jeung
- 5) Nyieun kacindekan tina hasil data anu geus dianalisis dumasar tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan.